

ENFÒMASYON POU MOUN KI VIKTIM VIOLANS DOMESTIK

Si w se yon moun ki sibi vyolans domestik epi lapolis fè entèvansyon lè yon ensidan konsa rive, ou kapab mande lapolis pou li pwoteje wou ak tout pitit ou; ou va mande l pou esplike w ki jan pou pran yon zòd pwoteksyon tanporè tou. Ou kapab mande l pou ede w al pran tout zafè pèsonèl ou, epi ede w chèche konnen kote pitit ou ye, oswa ede w fè planifikasyon pou mennen w, oumenm ak pitit ou, nan yon kote ou va an sekirite; kote sa a va nan espas otorite lapolis kap ede w la. Plas sa a pa oblije yon pwogram pou vyolans domestik sèlman, li kapab lakay yon fanmi w, lakay yon zanmi w oubyen yon kote ki gen menm kalite sekirite tankou yon pwogram kont vyolans domestik. Lè espas otorite lapolis la depase plis pase yon sèl konte, ou kapab mande pou li mennen w, oumenm ak pitit ou, oswa fè planifikasyon pou mennen w, oumenm ak pitit ou, nan yon plas ki an sekirite nan konte kote movezak la te rivé ya. Si oumenm ak pitit ou bezwen swen lakay doktè, ou gen dwa pou mande ofisye lapolis la pou l akonpaye w al pran tretman medikal ke nou bezwen an. Ou ka mande lapolis pou l ba w yon kopi rapò sou nenpòt énsidan san w pa peye.

Ou ka mande komisè gouvènman an oubyen lapolis pou pote plent nan Tribinal Kriminèl. Ou gen dwa pote plent nan Tribinal Lafanmi lè yon movezak pase nan lafanmi w kont ou tou. Ou gen dwa mande nan petisyon w lan yon zòd pwoteksyon menm jou ou vini nan tribinal la, yo dwe tande ka w la menm jou a oubyen pwochen jou tribinal la ap fonksyone. Nenpòt nan tribinal sa yo kapab ba w yon zòd pwoteksyon pou yon aksyon ki konstitiye yon movezak nan lafanmi; nan zòd pwoteksyon sa a yo kap mete, pami tout zòt dispozisyon yo, yon zòd pou defandan an kanpe lwen oumenm ak pitit ou. Tribinal Lafanmi kapab òdone defandan an pou l peye sipò pou pitit ou epi yo kap ba ou yon zòd tanporè pou gen gad timoun ou yo tou. Si Tribinal Lafanmi pap fonksyone, ou kapab mande èd imedyatman nan tribinal kriminèl pou w pran yon zòd pwoteksyon.

Ou gen dwa chèche pwòp avoka w. Si Tribinal Lafanmi ap tande ka w la, yo detèmine ou pa kapab peye yon avoka, yo kapab ba w youn pou reprezante w san peye.

Si w bezwen fòm pou lòd pwoteksyon, ou va jwen yo nan Tribinal Lafanmi ak Tribinal Kriminèl lokal yo:

Tribinal Lafanmi:

Tribinal Kriminèl Lokal Yo:

[Li Lis ki kole sou pape sa a]

Nou kapab rele New York State Coalition Against Domestic Violence Hotline nan nimewo telefòn san peye yo ki ekri anba a. Gen resous ki aladispizisyon nou nan kominote sa a pou enfòmasyon ki gen rapò ak vyolans domestik, tretman pou blesi, plas ki bay sekirite ak azil.

(Angle): 1-800-942-6906

(Panyòl):1-800-942-6908

Ou kapab rele vyolans domestik la ki toupre lakay ou nan nimewo telefòn san peye a tou:

Se yon krim lè yon moun pote yon akizasyon kriminèl oubyen li fè yon petisyon nan tribinal lafanmi lè li konnen lap bay manti.